DAURAH ISLAM BASA JAWA

SEPULUH PERKARA PAMEDHOT KEISLAMAN



Masjid Agung Gamping Sleman,
Ngayogyakarta Hadiningrat
Ahad, 17 September 2023

Panjarwa lan pamedhar Sabdatama

ABUL ASWAD AL BAYATY

بسم الله الرحمن الرحيم

SEPULUH PERKARA PEMEDHOT KEISLAMAN

Dari Kitab Asli:

نواقض الإسلام

Karya:

Syaikh Muhammad bin 'Abdil Wahhab bin Sulaiman At-Tamimi

Penerjemah:

Ustadz Abul Aswad Al Bayaty

Layout Isi:

Muhammad Cahyo Wicaksono

TIDAK DIPERJUAL-BELIKAN

DAFTAR ISI

بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

اعْلَمْ أَنَّ مِنْ أَعْظَمِ نَوَاقِضِ الإِسْلَامِ عَشَرَةٌ:

Kanthi nyebut Asma Allah kang Maha welas lan maha asih.

Mangertia menawa ing antarane pamedhot keislaman sing paling gedhe iku ana sepuluh :

الأَوَّلُ:

الشِّرْكُ فِي عِبَادَةِ اللهِ، وَالدَلِيلُ قَوْلُ اللَّهِ تَعَالَى: (إِنَّ اللَّهَ لاَ يَغْفِرُ أَن يُشْرَكَ بِهِ وَيَغْفِرُ مَا دُونَ ذَلِكَ لِمَن يَشَاء) وَمِنْهُ الذَّبْحُ لِغَيْرِ اللهِ، كَمَنْ يَذْبَحُ لِلْجِنِّ أَوْ لِلْقَبْرِ.

__1). Sepisan__ : Syirik sajroning ibadah marang Allah ta'ala. Dalile dhawuh pangandikane Allah ta'ala : "Yekti Allah ora maringi pangapura marang wong kang tumindak syirik. Lan Allah maringi pangapura marang dosa saliyane syirik tumrap wong kang dikersakake dening Allah."

Kalebu tumindak syirik iku mbeleh sato kewan kanggo saliyane Allah ta'ala. Kayadene mbeleh sato kewan kanggo jin utawa kanggo kuburan.

Catatan:

الثَّانِي:

مَنْ جَعَلَ بَيْنَهُ وَبَيْنَ اللهِ وَسَائِطَ يَدْعُوهُمْ وَيسْأَلُهُمْ الشَّفَاعَةَ، وَيَتَوَكَّلُ عَلَيْهِمْ كَفَرَ إِجْمَاعًا.

2). Kapindho : *Wong kang andadekake sarana utawa lantaran antarane dheweke karo Allah ta'ala. Dheweke ndonga lan njaluk syafaat, uga tawakkal (pasrah bongkokan) marang lantaran mau. Iku pinangka tumindak syirik kanthi adhedhasar ijma' para ulama'.*

Catatan:

الثَّالِثُ:

مَنْ لَمْ يُكَفِّرِ الْمُشْرِكِينَ أَوْ شَكَّ فِي كُفْرِهِمْ، أَوْ صَحَّحَ مَذْهَبَهُمْ؛ كَفَرَ.

3). Katelu : *Wong kang ora ngafirake wong musyrik, utawa ragu marang kekafirane wong musyrik, utawa mbenerake piwulang kemusyrikan. Dheweke kafir.*

Catatan:

الرَّابِعُ:

مَنْ اعْتَقَدَ أَنَّ غَيْرَ هَدْي النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّم أَكْمَلُ مِنْ هَدْيِهِ وَأَنَّ حُكْمَ غَيْرِهِ أَحْسَنُ مِنْ حُكْمِهِ كَالذِينَ يُفَضِّلُونَ حُكْمَ الطَّوَاغِيتِ عَلَى حُكْمِهِ فَهُوَ كَافِرٌ.

4). Kapapat : *Wong kang duwe kapercayan manawa ana manungsa saliyane kanjeng nabi Muhammad shalallahu 'alaihi wa sallam, sing luwih lurus pituduhe tinimbang nabi, luwih becik hukume tinimbang hukume nabi. Kaya dene wong kang luwih milih hukume thaghut tinimbang hukume nabi. Dheweke iku kalebu golongane wong kang kafir.*

Catatan:

الخَامِسُ:

مَنْ أَبْغَضَ شَيْئًا مِمَّا جَاءَ بِهِ الرَّسُولُ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّم - وَلَوْ عَمِلَ بِهِ -، كَفَرَ، وَالدَّلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى: (ذَلِكَ بِأَنَّهُمْ كَرِهُوا مَا أَنْزَلَ اللهُ فَأَحْبَطَ أَعْمَالَهُمْ)

5). Kalima : *Sapa wonge mangkel marang piwulange kanjeng Rasul shalallahu 'alaihi wa sallam senadyan ngamallake, dheweke kafir. Dalile dhawuh pangandikane Allah ta'ala : "Kang kaya mangkono sebab dheweke padha mangkel marang wahyu kang diudhunake dening Allah ta'ala. Mula Allah nyirnakake sekabehe amal kang wis ditindakake.".*

Catatan:

السَّادِسُ:

مَنِ اسْتَهْزَأَ بِشَيْءٍ مِنْ دِينِ اللهِ، أَوْ ثَوَابِهِ، أَوْ عِقَابِهِ، كَفَرَ، وَالدَلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى: (قُلْ أَبِاللهِ وَآيَاتِهِ وَرَسُولِهِ كُنتُمْ تَسْتَهْزِؤُونَ * لاَ تَعْتَذِرُواْ قَدْ كَفَرْتُم بَعْدَ إِيمَانِكُمْ)

6). Kaenem : *Sapa ngece, ngasorake marang saperangan agamane Allah ta'ala, utawa ganjarane, utawa paukumane, dheweke kafir. Dalile dhawuh pangandikane Allah ta'ala : "Dhawuha sira Muhammad ! apa marang Allah, marang ayate Allah lan marang Rasule Allah sira padha ngece. Ora usah sira njaluk pangapura! yekti sira wis tumindak kufur sawise sira iman."*

Catatan:

السَّابِعُ:

السِّحْرُ - وَمِنْهُ: الصَّرْفُ وَالعَطْفُ، فَمَنْ فَعَلَهُ أَوْ رَضِيَ بِهِ كَفَرَ، وَالدَلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى: (وَمَا يُعَلِّمَانِ مِنْ أَحَدٍ حَتَّى يَقُولاَ إِنَّمَا نَحْنُ فِتْنَةٌ فَلاَ تَكْفُرْ)

7). Kapitu : *Sihir utawa santhet, tuladhane Sharf lan 'Athaf.*

Sapa wonge tumindak sihir, utawa lila legawa marang sihir dheweke kafir. Dalile dhawuh pangandikane Allah ta'ala : "Lan kekarone ora mulang sihir marang wong kang tumeka, nganti kekarone kandha ; Yekti aku iki pinangka fitnah mula aja padha tumindak kufur."

Catatan:

الثَّامِنُ:

مُظَاهَرَةُ الْمُشْرِكِينَ وَمُعَاوَنَتُهُمْ عَلَى الْمُسْلِمِينَ

وَالدَلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى: (وَمَن يَتَوَلَّهُم مِّنكُمْ فَإِنَّهُ مِنْهُمْ

إِنَّ اللَّهَ لاَ يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِين)

8). Kawolu : *Tetulung lan aweh pambiyantu marang wong kafir kanggo merangi umat Islam. Dalile dhawuh pangandikane Allah ta'ala : "Lan sapa ing antarane sira wani mbolo marang wong kafir, dheweke kalebu golongane. Lan Allah ora menehi pitulungan marang wong wong kang zalim."*

Catatan:

التَّاسِعُ:

مَنْ اعْتَقَدَ أَنَّ بَعْضَ النَّاسِ يَسَعُهُ الْخُرُوجُ عَنْ شَرِيعَةِ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَم كَمَا وَسِعَ الخَضِرُ الْخُرُوجَ عَنْ شَرِيعَةِ مُوسَى عَلَيهِ السَّلَامُ، فَهُوَ كَافِرٌ.

9). Kasanga : *Sapa duwe keyakinan menawa ana saperangane manungsa kang dikeparengake ora ngugemi syariate kanjeng nabi shalallahu 'alaihi wa sallam. Kayadene nabi Khidhir kang ora ngugemi syariate kanjeng nabi Musa. Wong iku mau kalebu wong kang kafir.*

Catatan:

العَاشِرُ:

الإِعْرَاضُ عَنْ دِينِ اللهِ تَعَالَى لَا يَتَعَلَّمُـهُ وَلَا يَعْمَـلُ بِهِ، وَالدَلِيلُ قَوْلُهُ تَعَالَى: (وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّن ذُكِّرَ بِآيَاتِ رَبِّهِ ثُمَّ أَعْرَضَ عَنْهَا إِنَّا مِنَ الْمُجْرِمِينَ مُنتَقِمُونَ)

10). Kasepuluh : *Mlengos saka agamane Allah ta'ala. Ora gelem nyinaoni lan ora gelem ngamallake. Dalile dhawuh pangandikane Allah ta'ala : "Sapa wonge kang luwih zalim tinimbang wong kang nalika disebut ayate Allah ananging dheweke malah mlengos. Yekti Ingsun Allah bakal maringi pidana paukuman marang wong kang tumindak dosa."*

Catatan:

وَلَا فَرْقَ فِي جَمِيعِ هَذِهِ النَّوَاقِضِ بَيْنَ الهَازِلِ وَالجَادِّ وَالخَائِفِ إِلَّا المُكْرَهِ.

Ora ana bedane sakabehe perkara pamedhot keislaman iki nalika ditindakake karana gojekan, utawa tenanan, utawa wedi. Kajaba nalika dirudapeksa.

وَكُلُّهَا مِنْ أَعْظَمِ مَا يَكُونُ خَطَرًا، وَأَكْثَرِ مَا يَكُونُ وُقُوعًا، فَيَنْبَغِي لِلْمُسْلِمِ أَنْ

يَحْذَرَهَا وَيَخَافَ مِنْهَا عَلَى نَفْسِهِ. نَعُوذُ بِاللهِ مِنْ مُوجِبَاتِ غَضَبِهِ، وَأَلِيمِ عِقَابِهِ.

"Kabeh pamedhot keislaman iki pinangka perkara kang paling mbebayani lan paling asring dumadi. Mula

prayoga tumrape wong Islam supaya ngati ati lan wedi marang pamedhot keislaman iki. Awake dhewe nyuwun pengayoman marang Allah saka kamurkane Allah lan pidana paukuman saka Allah ta'ala.

وَصَلَّى اللهُ عَلَى خَيْرِ خَلْقِهِ مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ.

Shalawat sarta salam muga tansah kaparingna katetepna kagem panutaning umat, kanjeng nabi agung Muhammad, para kulawarga lan para shahabate kabeh.